# Chiitopauro, Chidudziramuiti / muitirwi (relative)

Chinodudzira muiti wechinhu. Chinobatanidza mazita chichipa pfungwa yerupawo zvinoita kuti chishande serupawo. Heinoi mienzaniso
Chingwa chakachena chinodhura.
Munhu akapfupika ane hasha.
Murume vandakaona ndiTaurai.
Maumbirwo
a)Chitaridzamuitirwi + chitaridzamuiti + chiratidzanguva + mudzi wechiito+ nzvovera yekupedzisira
wa- + -nd- +aka- +-on- +-a ra- + nd- + -aka- + -vereng- + -a

b) Chitaridzamuiti+ chiratidzanguva+ mudzi wechiito+nzvovera yekupedzisira
va- + -no- + -nets- + -a a- + -no- + -peng- + -a

Chitaridzamuiti chinoshevedzerwa nenzwi rakadzikira panyaudzira dzechiito chacho.